

BAB III


MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kalayan métdoeu kualitatif déskriptif. Bogdan jeung Taylor (1975) dina Edraswara (2006, kc. 85) nétélakeun yén kajian kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu meunangkeun data déskriptif mangrupa kecap-kecap atawa lisan ti papada jalma jeung paripolah anu ditalungtikna.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajéntrékeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, kajadian, kagiatan, faktual, jrrd. Moleong (2011, kc. 11) nétélakeun yén déskriptif nya éta data nu dikumpulkeun mangrupa kecap-kecap, gambar, lain angka-angka. Ku kituna, laporan panalungtikan eusina mangrupa kutipan-kutipan data, pikeun méré gambaran ngeunaan hiji objék nu ditalungtik, anu dihasilkeun tina wawancara, catetan laporan lapangan, foto, jeung rékaman wawancara. Métdoeu déskriptif mangrupa salah sahiji métdoeu pikeun méré gambaran perkara objék anu ditalungtik, ngébréhkeun sagala hal anu aya patalina jeung panalungtikan ngeunaan toponimi kampung di Kacamatan Banjar anu satuluyna dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca déskripsi di kelas IX SMP.

Désain panalungtikan mangrupa rencana dina prosés panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 22-23) desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Pikeun ngahontal kana tujuan panalungtikan bisa digambarkeun ku bagan galur saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sétting Panalungtikan

Sétting dina ieu panalungtikan ngawengku waktu, jeung tempat panalungtikan dilaksanakeun, sarta sumber data panalungtikan.

3.2.1 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan dilaksanakeun salila sabulan, nya éta ti tanggal 7 Agustus 2017 nepi ka tanggal 7 September 2017.

3.2.2 Tempat Panalungtikan

Panalungtikan dilaksanakeun di Kacamatan Banjar, Kota Banjar, Provinsi Jawa Barat. Ieu panalungtikan museur kana asal-muasal ngaran kampung nu aya di Kacamatan Banjar.



Gambar 3.1
Peta Administrasi Kota Banjar



Gambar 3.2

Peta Administrasi Kecamatan Banjar

3.2.3 Démografi atawa Kependudukan

Daérah géografis Kacamatan Banjar pernahna di 30 *mdpl* jeung miboga iklim tropis. Ieu hal téh ngajadikeun taneuh daérah Kacamatan Banjar hadé pikeun tatanén.

Lega wilayah di Kacamatan Banjar téh nya éta 2,589,884 ha, anu wates wilayahna nya éta belah kidul diwatesanan ku Kacamatan Purwaharja, belah wétan diwatesanan ku Kacamatan Pataruman, belah kalér diwatesanan ku Kacamatan Pamarican Kabupatén Ciamis, jeung belah kulon diwatesanan ku Kacamatan Cimaragas Kabupaten Ciamis.

Jumlah penduduk Kacamatan Banjar taun 2016 aya 56.726 jalma. Ditingali dina komposisina, jumlah penduduk di Kacamatan Banjar leuwih loba lalaki dibandingkeun awéwé. Jumlah penduduk dumasar kana jenis kelamin baris didadarkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1

Jumlah Penduduk Kacamatan Banjar Kota Banjar

No	Ngaran Désa	Lalaki	Awéwé	Jumlah
1	Banjar	8.160	8.270	16.430
2	Mekarsari	8.312	8.196	16.508
3	Balokang	4.929	4.804	9.733
4	Cibeureum	1.096	1.123	2.219
5	Néglasari	2.421	2.581	5.002
6	Situbatu	2.173	2.121	4.294
7	Jajawar	1.270	1.270	2.540
Jumlah		28.361	28.365	56.726

Sumber: Data Penduduk Kacamatan Banjar Désémber Taun 2016

3.2.4 Kondisi Sosial Budaya

3.2.4.1 Agama atawa Sistem Kapercayaan

Masyarakat di Kacamatan Banjar mayoritasna agama Islam nepika 99,6 % sedengkeun 0,4 % ngagem agama Kristen. Jumlah tempat ibadah di Kacamatan Banjar nya éta 258 tempat ibadah, di antarana 98 masjid, 159 mushola jeung 1 garéja.

3.2.4.2 Basa

Masyarakat Kacamatan Banjar umumna nya éta pituin Sunda, basa anu dipaké sapopoé nya éta basa Sunda. Sanajan aya masyarakat anu lain asli ti Sunda atawa masyarakat anu bubuara ti luar Sunda, saperti ti Jawa jeung Kalimantan. Biasana basa nu digunakeun nalika ngobrol jeung masyarakat anu can pati ngarti kana basa Sunda nya éta Basa Indonésia.

3.2.4.3 Pakasaban Masyarakat

Muhammad Malik Abdul Aziz, 2017

TOPONIMI KAMPUNG DI KACAMATAN BANJAR

KOTA BANJAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN

MACA DÉSKRIPSI DI KELAS IX SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara umum masarakat di Kacamatan Banjar pakasaban masarakatna nya éta tatanén jeung buruh tani, aya ogé anu jadi PNS, TNI, POLRI, dagang jeung buburuh di pabrik anu aya di Kacamatan Banjar.

3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan



Anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngaran-ngaran kampung atawa tempat di unggal désa di Kacamatan Banjar, sedengkeun anu jadi sumber datana nya éta aparat pamaréntah désa, para tokoh masarakat, sesepuh, jeung kuncén anu apal kana kasang tukang ngaran kampung.

3.3.1 Responden

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha *responden* anu bakal jadi narasumber pikeun meunangkeun data. Kritéria réspodén dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Asli warga kampung satempat;
- 2) Miboga umur 45 taun atawa leuwih;
- 3) Miboga kalungguhan husus di wilayahna.

Tabel 3.2
Data Narasumber

No.	Poto	Identitas
1.		Wasta : Méméd
		Umur : 70 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : LPM
		Alamat : Bojong Situbatu
2.		Wasta : Komar Hapid
		Umur : 88 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki

		Kalungguhan : Sesepeuh Lembur
		Alamat : Awi Luar Situbatu
3.		Wasta : Sudrajat
		Umur : 52 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Kasi Pemerintahan Désa
		Alamat : Pasir Nagara Cibeureum
4.		Wasta : Usid Jaya Miarga
		Umur : 81 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Pangsiunan Kepala Désa
		Alamat : Jajawar
5.		Wasta : Oding Abdul Kodir
		Umur : 42 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Perangkat Désa
		Alamat : Cibeureum Balokang
6.		Wasta : H. An'nur
		Umur : 59 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Guru
		Alamat : Pintusinga

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Studi Pustaka

Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun bahan tulisan dina néangan jeung nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun néangan sarta ngumpulkeun data atawa informasi nu lengkep jeung akurat ku cara langsung ka lapangan.

3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun meunangkeun data atawa informasi ngaliwatan lisan ti informan. Réspodén dina ieu panalungtikan nya éta tokoh masarakat, sesepuh, aparat pamaréntah désa jeung kuncén anu nyaho kana kasang tukang asal-muasal ngaran patempatan di Kacamatan Banjar.

4) Téhnik Dokuméntasi

Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data atawa informasi nu mangrupa poto atawa hal naon waé pikeun ngarojong kana panalungtikan sakaligus ngajadikeun bukti yén panalungtikan bener-bener dilaksanakeun.

3.3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti bisa leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nu ngajadikeun data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc.203).

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) alat rékam anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan asal-muasal ngaran patempatan di Kacamatan Banjar.

- 2) kaméra pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan.
- 3) kartu wawancara pikeun idéntitas informan.

Data Narasumber	
Wasta	
Jenis Kelamin	
Umur	
Kalungguhan	
Alamat	
Pakasaban	

Tabél 3.3

Daftar patalékan mangrupa hal naon waé anu rék dijadikeun patalékan dina ieu panalungtikan.

- 1) Kumaha kasang tukang ngaran ieu kampung?
- 2) Naha aya carita anu ngarojong kana ngaran ieu tempat?
- 3) Naha aya bukti atawa fakta sajarah anu ngarojong kana ngaran tempat?
- 4) Miboga harti naon ngaran ieu kampung numutkeun masarakat di dieu?

3.3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah jeung nganalisis data ieu panalungtikan téh katitén saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun informasi anu geus kacangking ngaliwatan studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.
- 2) Ngelompokkeun ngaran-ngaran tempat dumasar kana tilu aspék (fisikal, sosial, jeung kultural).
- 3) Ngadéskripsikeun unggal ngaran tempat.

Muhammad Malik Abdul Aziz, 2017

TOPONIMI KAMPUNG DI KACAMATAN BANJAR

KOTA BANJAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN

MACA DÉSKRIPSI DI KELAS IX SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4) Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.